



Mizajou Estati pou Moun ki gen TPS

Dènnye Mizajou: 15 Jiyè 2025

Remak: Sa se enfòmasyon jeneral sèlman epi li pa dwe konsidere kòm konsèy legal.



AYITI – Valab jiska 3 Febriye 2026

Nan mwa **Fevriye 2025**, administrasyon Trump lan te anile yon pati nan yon desizyon administrasyon Biden lan te pran an **Jiyè 2024** ki te pwolonje epi rebay **Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)** pou **Ayiti**. Chanjman sa a te **diminye peryòd pwoteksyon an soti nan 18 mwa pou rive 12 mwa**.

Aprè sa, nan **Jiyè 2025**, administrasyon Trump lan te anonse TPS pou Ayiti t'ap fini **2 Septanm 2025**. Men, **yon jij federal bloke revokasyon sa pou kounye a**.

Desizyon sa a **pèmèt pwolongasyon pwovizwa TPS administrasyon Biden lan te bay la pou Ayiti, ki la jiska 3 Febriye 2026**. Gen plizyè pwosè ki ap kontinye nan Massachusetts, New York, ak Kalifòni ki ap konteste desizyon pou diminye peryòd TPS la pou Ayisyen, kidonk rezilta final la poko sèten.

Lè TPS fini, tout pèmi travay ki baze sou TPS fini tou. Moun ki gen sèlman TPS kòm estati legal yo, epi/oswa ki gen pèmi travay ki baze sou TPS, ka konsidere kòm prezan ilegalman epi yo ka pa otorize pou travay legalman ankò.

TANPRI KONSIDERE SA NOU PRAL DI LA YO

- **Pale ak yon Reprezantan Legal ou Fè konfyans** – Si ou poko fè sa, ou ta dwe konsilte yon sèvis legal imigrasyon pou w wè si w kalifye pou nenpòt lòt stat legal pou w rete Ozetazini. Jwenn Èd Legal: [Documented.info](https://www.documented.info) (NYC), [ImportaMi Service Map](https://www.importami.com) (Nasyonal), [National Immigration Legal Services](https://www.nationalimmigrationlegalservices.com).
- **Si ou gen yon dat tribinal imigrasyon kap pwoche** – Si w deja nan pwosedi tribinal imigrasyon, pa kite peyi a san pale ak yon avoka. Si w kite pandan ka w la poko fini, san w pa fè tribinal la konnen, ou ka resevwa yon lòd depòtasyon an absans ou, e sa ka gen move konsekans sou efò pou w rantre Ozetazini nan lavni.
- **Si w aplike pou yon benefis imigrasyon** – Si w gen yon aplikasyon imigrasyon k'ap tann nan USCIS (pa egzanp, azil oswa lòt ajisteman estati), ou gen dwa rete Ozetazini pandan aplikasyon an ap egzamine, men ou ta dwe konfime sa ak yon ekspè legal. **Ou ta dwe toujou mache ak prèv aplikasyon w ap tann lan**, tankou resi aplikasyon an.
- **Konnen Dwa Ou**, rete okouran epi evite fwod. Jwenn resous. (Konnen Dwa Ou) [isit la](#).



Status Updates for TPS Holders

Last Updated 7/15/2025

Note: This is general information only and should not be considered legal advice.



HAITI- Valid through February 3, 2026.

In **February 2025**, the Trump administration rolled back part of a decision made by the Biden administration in **July 2024** that had extended and redesignated **Temporary Protected Status (TPS)** for **Haiti**. This change **reduced the protection period from 18 months to 12 months**.

Then in **July 2025**, the Trump administration announced that TPS for Haiti would end on **September 2, 2025**, but a **federal judge has since blocked that termination**, at least for now.

This ruling **temporarily preserves the Biden administration's original extension of TPS for Haiti through February 3, 2026**. There are still ongoing lawsuits in Massachusetts, New York, and California challenging the shortened TPS period for Haitians, so the final outcome is still uncertain.

Upon termination of TPS, any work authorization based on that TPS grant is terminated as well. Individuals whose only lawful status is TPS, and/or whose work authorization is based on TPS, may be considered unlawfully present and may no longer be authorized to work legally.

PLEASE CONSIDER THE FOLLOWING

- **Speak to a Trusted Legal Representative-** If you have not already done so, you should consult with an immigration legal service provider to see if you qualify for any other legal pathways to remain in the US. Find Legal Help: [Documented.info](#) (NYC), [ImportaMi Service Map](#) (National), [National Immigration Legal Services](#).
- **if You Have a Pending Immigration Court Date** -If you are currently in immigration court proceedings, do not leave the U.S. without speaking to an attorney. Leaving while your case is pending without formally informing the immigration court may result in a 10-year bar from returning.
- **If You've Applied for an Immigration Benefit** and have a pending immigration application with USCIS (e.g., asylum or other adjustment of status) you may be able to stay in the U.S. while your application is reviewed, but you should confirm with a legal expert. **You should carry proof of the pending application**, such as the receipt notice, with you at all times.
- **Know Your Rights**, Stay Updated and Avoid Fraud. Find KYR Resources [here](#).